## 17. SI PINTJANG DIMANDIAN.

Moesim halodo djeung ngidjih, geus tangtoe oenggal taoen koe oerang kasorang. Demi toeroenna hoedjan djeung halodo saenja-enjana aja ogè waktoena.

Sakapeung mah, oepama oesoem halodo, moenggah minggoean teu toeroen hoedjan, tampolana nepi ka moelanan. Balong² loba noe saraat, waloengan² ararat; djelema² pada saroesah, taja tjai keur njèbor pepelakanana.

Tapi oepama dina waktoena ngidjih mah, hoedjan soè isoek taja eureunna, nepi ka waloengan² tjaah gedè, malah sok malak ngaroeksak kana pakaja noe aja di sisina.

Baris noelak oelah hoedjan teuing, tjeuk oerang kampoeng, aja tarèkahna, nja èta koedoe disarang. Sabalikna di èta aja deui tarèkahna noe sèdjèn, lamoen hajang toeroen hoedjan koedoe ngamandian oetjing.

Dina hidji mangsa di kampoeng Roesdi, sababaraha boelan teu toeroen² hoedjan, pepelakan rèja noe paroèh, soemoer² saraat. Beurang panting, oerang dinja ngan panas harendang baè salawasna. Djelema² geus tingaradeoeh baè koe panas sarta teu pelol² ngarep² hoedjan.

Hidji powè kolot² karoempoel di balè dèsa, bapa Roesdi ogè aja di dinja. Noe ditjaritakeun taja lian, ngan hajang boeroe² toeroen hoedjan, tina teu kataban koe halodo. Kolot² kabèh pada baridjil hodjah, ngabidjilan tarèkah nenoda, soepaja tèreh toeroen hoedjan. Babakoena tarèkah noe geus bijasa kalampahkeun, nja sok ngamandian oetjing tèa.

„Seug atoeh oerang boeroe² baè lampahkeun," omong 'Pa Roesdi, „isoekan, isoek², oerang iring-iringan ngamandian oetjing si Roesdi."

Isoekna kolot boedak geus karoempoel di imah 'Pa Roesdi sarta oeljingna geus disadijakeun.

„Rèk dikoemahakeun si Pintjang tèh, bapa?" tjeuk si Roesdi.

Koe bapana didjaritakeun sakoemaha noe geus dirempoegkeun koe kolot" tadi tèja.



„Koering baè atoeh noe dimandianana, bapa!" tjeuk Roesdi, „meureun leuwih ièrèh boedjangna, da noe dimandianana djoeraganana si Pintjang."

„Heug," tembal bapana, „engkè, ari si Pintjang dimandian, sija ogè miloe mandi."

Sanggeus sadija bakal iring-iringan tèja, djeung si Pintjang digotong dina koeroeng, dibawa ka waloengan diiringkeun koe ogèl djeung boeutjis.

Barang geus nepi ka sisi tjai, oetjingna koe 'Pa Roesdi dikaloearkeun tina koeroeng, toeloej dimandian. Kakara kabaseuhan saeutik ogè, si Pintjang geus totoroedjolan rèk loempat, tjoelang-tjileung ngaheureuyan bari rèk ngowèt.

Sanggeus si Pintjang dimandian, broel diiring-iringankeun, balik deui ka lemboer.

Barang datang, toeloej harandjat, ngadowa neda², hajang tèrèh toeroen hoedjan.

Sanggeusna hadjat, djelema² aramitan ka 'Pa Roesdi, maroelang.

„Seug atoeh rèk maroelang mah!" tjeuk 'Pa Roesdi. „oelah petot² baè ngarep-ngarepna, meureun heuleut sawatara powè ogè hoedjan."

Roesdi djeung si Pintjang toeloej marojan bari ngarègèlan toelang bajem.

Sanggeus doewa tiloe powè, teu hoedjan kènèh baè, molah teu mendoeng² atjan. Koe sabab èta djelema² daratang deui ngoemaha ka bapa Roesdi. Si Pintjang dimandian geus sababaraha kali, tapi euweuh toeloeusna. Heuleut saboelan ti waktoe harita kakara ngeproel sarta kadoewa powèna breg hoedjan gedè. Pepelakan noe araloem ajeuna tjalèughar deui, tjara katoekang-toekang.

## 18. SOERAT TI ROESDI KA RAMLAN.

'Kang Ramlan!

Koemaha, 'kang, damang?

Wantji koemaha akang soemping ka Bandoeng?

Basa koering ditinggalkeun teja, kabina-bina nja nalangsa, tina banget sono kènèh, ari koe akang geus ditinggalkeun.

Oenggal poèè taja deui noe dipitjangtjam koe Misnem, ngan 'kang Ramlan baè.

Koering djeung Misnem, ti barang papisah nepi ka ajeuna, tjageur, teu aja kitoe-kijeu.



Heuleut saminggoe ti waktoe akang moelih, koering koe bapa geus disakolakeun di dèsa. Euleuh! koetan resep ari di sakola. Batoer diadjar djeung batoer oelin rèja naker. Basa mimiti asoep sakola, rèja moerid² noe ngaheureujan ka koering, tapi ajeuna mah henteu, malah rèrèjana djadi sobat.

Djoeragan Goeroe njaaheun pisan ka koering, ari di sakola andjeunna sok mangdongèngkeun ka koering djeung ka batoer² koering. Dongèngna araneh djeung ramè.

Minggoe toekang ka sakola soemping mènak² ti dajeuh,

djoeragan Kontrolir, djoeragan Wadana, djoeragan Tjamat djeung Loerah². Ménak² raresepeun naker ka koering, malah djoeragan Kontrolir mah nepi ka nepakan ka koering.

Koering rèk getol diadjar, soepaja tèrèh sakola djeung akang di dijeu.

Sanggeus ijeu serat katampa koe akang, koering neda walonan, noen.

Hoermat koering, poen
Roesdi.

---

## 19. NGAKOET.

Sanggeusna sawah 'Pa Roesdi anggeus dipiboewatanana, djelema noe darerep henteu ngabroel teuing. Panoetoe-penana diboewat di sawah Roesdi. Parè beubeunangannana geus ngagoendoek sakoeriling-koeriling saoeng sawah.

'Pa Roesdi djeung anak bodjona njaoeng-njaoeng kènèh baè di sawah. Ti beurang gawèna mowè-mowèkeun parè, ari ti peuting njarijeunan tali, keur mangkèk. Demi Roesdi djeung Misnem tuja deui gawèna, ngan ngaleumeung djeung nanggerkeun kolèjèr. Sanggeus parèna toeboer, heurang peuting 'Pa Roesdi djeung batoer-batoerna noengtoetan mangkèk. Toempoekan parè geugeusan wani ngadjadjar satowèl-satowèl kolot djungkoeungna.

„Baroedak, sija rèk mariloe ka pasar?" tjeuk ema Roesdi.

„Ka pasar rèk naon, ema?" tèmbal Roesdi.

„Kapan rèk ngakoet, isoekan," djawab indoengna, „oerang atjan sadija keur soegoehna."

Sanggeus amboe Roesdi djeung anak anakna arindit ka pasar, 'Pa Roesdi toeloej ka lemboer, ngahiras ngakoet ka tatangga-tatanggana djeung batoerna. Teu lila, 'Pa Roesdi geus datang deui ka sawah. Wantji hedoeg 'Ma

Roesdi djeung baroedak geus datang ti pasar. Indoengna njoehoen boboko gedé, Misnem ngais boboko leutik, ari Roesdi nanggoeng boentelan, kabèh dieusi beunang balandja tèja.

* * *

Isoekna djelema beunang ngahirasan tèh geus karoempoel di sawah, pada marawa rantjatan. Iboe beunang ngagaringkeun djeung tjapit geus didijoekkeun dina djampana. Ogèl djeung boentjis noe baris ngarak ngiringkeun aleutan parè geus sadija, kari leeng baè.



Sanggeus tarapti; teu aja kakoeranganana, parè noe tina toemponkan tèja geus disalaj kana rantjatan. Rengkongna geus hijoeng-hijoek, hijoeng-hijoek baè.

Di harepeun saueng tanggoengan parè geus ngadjadjar. Pangheulana rengkong, dilèma koe tanggoengan parè, djampana iboe djeung tjapit, ari pangtoekangna tatabeuhan.

Barang geus sadija, djoeng aleutan tanggoengan parè

tèh arindit, ngabroel diiringkeun koe ogèl noeroengtoeng djeung boendjis ngadoer-doeran.

Teu kadjatnerkeun di djalanna, alentaa iringan parè geus nepi ka lemboer, geus digoendoekkeun hareupeun leuit.

Iboe djeung tjapit ditoeroenkeun tina djampana, toeloej didijoekkeun dina amparan noe beunang netebahan, njasadjènan: seuseungitan, roeroedjakan sarta sapereloena geus disoegoehkeun ka iboe djeung sabaladna.

Noe tas narangggoeng, sanggeus ngareureunan tjapè brak dalodaharan bari njalametkeun.

Sasalsèna dalodaharan, toeloej ngarenggeuskeun pagawè-anana; aja noe ngaloeng, aja noe ngeiep di djero leuit.

Koe sabah rèja anoe naroeloeng, sadjan parè sakitoe seueurna ogè, teu sabaraha lilana geus bèrès.

Sanggeus parè kabèh èntèp, djelema² toeloej aramiton moelang.

Di imah kari si Roesdi hèhèjotan di boeroean leuit, soekan-soekan, pèdah rèja parè keur parab manèhna.

---

## 20. KI DOEKOEN.

Doewa powè ti tas ngakoet, brek Roesdi gering, katoradjang moerijang panas. Beuki lila, beuki ripoeh geringna tèh; kolot-kolotna katjida saroe salieunana, tina sijeuneun katoeloeloejan. 'Pa Roesdi toeloej nitahan panjawahna ka Pagadèn, nèjang doekoen noe geus kamashoerkeun lepoes sarta djampèna matih. Kira wantji èrang², doekoen geus datang, kawantoe dipapagkeun koe koeda. Barang datang ogè, boeroe² baè koe 'Pa Roesdi ditoedoehkeun ka enggon anakna. Roesdi kasampak keur ngedeng, awakna panas kawas dibeuli, sarta gawèna ngan sasar baè.

„Tah ieu, Embah, poen anak téh, ondoerna parantos opat dinten," tjeuk 'Pa Roesdi.

„Sadajana pitoewah koe koering dilampahkeun, tapi kasakit téh roepi-roepina anggoer beuki madjeng."

Ki Doekoen toeloej njabak kana sirah djeung beuteung Roesdi.

Tjék Ki Doekoen: „Mas Loerah, ajeuna mah soegan oerang ngahatoeranan baé ka noe ngagaugeuh di dijeu,



bilih toewang poetra aja masalahna, oerang neda pangampoera."

Tjék 'Pa Roesdi: „Embah, menggah abdi mah geus teu terang kitoe-kijeu, sadaja-daja koemaha kerso Embah baé."

Ti dinja toeloej dideeng Roesdi sasadjeun sarat², sakoer noe koedoe aja, saperti: lawon bodas, hajam bodas, béas bodas, menjan poetih, paroekoejan djeung kendi beunang ngeusian.

Paroekoejana geus ngeboel. Ki Doekoen sila mendeko, njanghareupan paroekoejan bari ngadowa. Teu lila, toeloej peureum bari toengkoel.

Kira meunang sapanjoeudahan, di imah Roesdi djempé, euweuh noe ngomong sakedjap-kedjap atjan. Geus kitoe Ki Doekoen tjengkat bari ngomong: „Mas Loerah! ajeuna mah moal boa isoekan ogè poetra tèh bakal damang deui. Geura tjèboran baè poetra koe tjai noe sakendi tèja, ngalap berkahna katoeroen-karoehoen."

Kira² poekoel tiloe Ki Doekoen amit moelang. 'Pa Roesdi toeloej njèlaan koeda, keur nganteurkeun. Ki Doekoen tjiak toempak koeda, toeloej moelang, diiringkeun koe noe nanggoeng soemboel, dieusi bèjas, hoewi, hajam djeung bibit laoek emas sagedè pingping.

Katjatoerkeun Roesdi, ti sanggeus dimandian tèja tibatan mending mah anggoer tambah.

Kolot-kolotna sanadjan geus rada leler ogè haténa, tina sabab tjèk Ki Doekoen, Roesdi tangtoe tjageur. Tapi Roesdi geringna beuki pajah, datang ka sok kapoèhan. Sanggeus doewa powè, tina geus bèjak tarékah, los 'Pa Roesdi ka Loerah djeneng, nèda toeloeng. Loerah djeneng geuwat njokot pèl kina sadoes sarta ngiloe djeung 'Pa Roesdi ka imahna. Roesdi sok dibèrè pèl sapoeloeh, sina dioental disoeroeng² koe tjai.

Isoekna monèkna rada mending.

Ki Loerah djeneng djol datang deui, mekeun pèl ka Roesdi; kitoe baè oenggal powè. Heuleut lima powè Roesdi geus rèèh tjageur, sarta geus daèkeun dahar deui.

Beu! atoeh kasoekaan amboe Roesdi geus teu aja papadana baè sarta nganoehoenkeun ka Loerah djeneng. 'Pa Roesdi pon njakitoe deui, katjida dagdag-dègdègna tèh, datangka sakapeung mah lat dahar lat digawè, bakat noenggoean Roesdi baè.

Doewa tiloe minggoe ti harita, Roesdi tjageur pisan sarta bisa oelin deui djeung batoer-batoerna, tjara sasari.

---

## 21. ROESDI NGANDJANG.

Basa Roesdi gering kadoewa kalina, teu sabaraha pajahna lamoen dibandingkeun djeung basa gering mimiti tèa mah.

Ajeuna kabeneran aja pitoeloengna Mas Loerah, Roesdi dibèrè oebar mandjoer, papatin djoeragan Dokter basa ngaranda barèto; èta oebar ngaranna pèl kinina. Koe lantaran èta oebar, Roesdi teu lila geringna. Sanggeus djagdjag pisan, djeung Roesdi koe kolotna dibawa ngandjang ka Loerah.

Barang djol, Loerahna bageur mapagkeun, omongna: Tuh geuning, 'Djang Oedi geus tjageur; djagdjag pisan, 'Djang?"

„Berkah pangèsto mamang, noen," tèmbal Roesdi.

'Pa Roesdi gèk darijoek djeung Loerah, di tepas hareup; ari 'Ma Roesdi di taroekang djeung Nji Loerah.

'Pa Roesdi djeung priboemi ngawaradoel bari ngaropi.

„Koemaha 'kang, parantos tjageur pisan poetra tèh?" omong Loerah ka 'Pa Roesdi.

„Ari katingalna koe akang mah, parantos tjageur, awakna parantos sèhat, dedaharanana beuki sapertos bijasa," tèmbal 'Pa Roesdi.

Djol Roesdi njampeurkeun, gèk dijoek toekangeun pamanna.

„Oedjang geus tjageur pisan? Tjik ka dijeu, mamang njabak," tjeuk Loerah tèh.

Harèmpoj Roesdi tèh njampeurkeun, gèk dijoek gigireun Loerah. Koe Loerah leungeunna djeung sirahna dirampaan.

„Hih, geuning tjageur pisan ajeuna mah. Geus sakola deui, Oedjang?" tjeuk Loerah tèh.

„Soemoehoen teu atjan koelan, laleuleus kènèh, noen," tèmbal Roesdi.

„Oelah waka sakola atoeh, ari karasa tatjan tjageur pisan mah, bisi karoegrog," omong Loerah tèh.

„Soemoehoen, 'mang. Èta ogè kaieresan baè dipaparin landong noe poit tèja koe emang. Oepami teu koe landong èta mah manawi tatjan tjageur, da koe poen bapa mah salamina namoeng dilandongan koe landong kampoeng baè, noen," djawab Roesdi.



Bapa Roesdi imoet ngagelenjoe ngadèngè omongan anakna kitoe tèh.

„Leh, boetjne si Oedjang, bet geus bisa njarita," omong Loerah tèh.

„Da èstoe kitoe, 'kang, sajaktosna oelah pertjanten teuing kana landong kampoeng mah, rèk moenggoeh oerang mah ngalandonganana tèh ngan soegan sareng soegan baè, henteu patoeh tèrangeun leres saperlos Doktor. Hidji kasawat, saoer djoeragan doktor, pada aja landongna, nor moerijang bijasana dilandongan pèl kina. Kasawat naon baè aja landongna noe tangtos. Moeng-